

SAJARAH KAMEKARAN FILOLOGI

1. Filologi di Eropa Daratan

- kerajaan Yunani: kota Iskandariyah (benua Afrika)
- dimimitian ku bangsa Yunani dina abad ka-3 SM, maca naskah-naskah nu ditulis dina abad ka-8 nepi ka abad ka-3 SM, ditulis dina huruf bangsa Funisia nu engkena jadi huruf Yunani.
- Ditulis dina daun papirus
- Di perpustakaan diteundeun naskah-naskah ngeunaan ilmu: filsafat, kedokteran, perbintangan, sastra & karya sastra, hukum, jsb.
- Eta perpust teh mangrupa museum, tadina tempat muja 9 Dewi Muses (dewi kesenian jeung ilmu pangaweruh dina mitologi Yunani)
- Erasthenes: ahli filologi mimiti

2. Filologi di Romawi Barat jeung Romawi Timur

a. Romawi Barat

- ngagarap naskah-naskah dina basa Laten (puisi, prosa, di antarana tulisan Cicero jeung Varo)
- nuluykeun kagiatan filologi Yunani di Iskandariyah
- ti saprak aya Kristenisasi di Benua Eropa, kagiatan filologi oge dilakukeun ku para pendeta pikeun ngulik naskah agama
- naskah Yunani lila-lila ditinggalkeun lantaran ngulik agama
- dina abad ka-4 teks ditulis wangun buku (codex), dina kulit sasatoan utamana kulit domba (perkamen, perkament, perchment)

b. Romawi Timur

- waktu di Romawi Barat teks Yunani teu dipalire, di Romawi timur diadegkeun pusat studi teks Yunani (di Antioch, Athena, Iskandariyah, Beirut, Konstantinopel, Gaza, jsb).
- Iskandariyah: pusat studi bidang filsafat Aristoteles
- Beirut: pusat studi bidang hukum
- Muncul kabiasaan nulis scholia (tafsir kana teks naskah), di antarana Procopius ti Gaza
- Sangkan tanaga filologi nambahan, naskah nu dianggap penting diajarkeun di paguron luhur

3. Filologi dina Zaman Renaisans

- Renaisans: *perubahan di lapangan sejarah kebudayaan mengenai tanggapan hidup serta peralihan dari Zaman Pertengahan ke Zaman Baru (Encyclopaedia Britannica, 1970: 122)*
- Periode nu make deui kabudayaan klasik pikeun pedoman hirup
- Dimimitian di Italia dina abad ka-13, nyebar ka nagara Eropa sejen, eureun dina abad ka-16

- Teks nu geus teu dipalire tuluy diulik deui
- Kritik teks kana karya: Lavato Lovati (1241-1309), Lorensi Vallo (1407-1457), Angelo Poliziano (1454-1494)
- Dina abad ka-15 Romawi Timur (Bizantium) eleh ku Turki, jadi ahli filologina parindah ka Eropa Selatan utamana ka Roma. Maranehna ngajar, nyalin naskah, atawa narjamahkeun teks kana basa Latin.
- Dina abad ka-15 Gutenberg ti Jerman nyieun mesin cetak
- Di Eropa ilmu filologi dipake pikeun nalungtik naskah heubeul nonklasik, upamana naskah germania jeung Romania
- Mimiti abad ka-19 ilmu basa (linguistik) misah tina filologi

4. Filologi di Kawasan Timur Tengah

- ti abad ka-4 di kota-kota di Timur Tengah diadegkeun perguruan tinggi
- di Mesir, Siria, jsb geus aya pangaruh Iskandariyah
- Gaza: oratory, Beirut: hukum, Edessa & Antioch: budaya Yunani sacara umum
- Dina abad ka-5 di kota Edessa aya perpecahan gerejani, ahli filologina parindah ka Persia sarta ku Kaisar Anusyirwan ditempatkeun di Akademi Jundi Syapur, pusat studi filsafat jeung kedokteran
- Naskah-naskah Yunani diterjemahkeun kana basa siria tuluy kana basa Arab
- Kota Harra di Mesopotamia kungsi jadi pusat studi naskah Yunani
- Dina jaman dinasti Abasiyah, dina mangsa diparentah ku Khalifah Mansur (754-775), Harun alrasyid (786-809), Ma'mun (809-833) studi naskah jeung ilmu Yunani beuki mekar, puncakna dina jaman pamarentahan Ma'mun.
- Diadegkeun pusat studi nu dingaranan Bait al-Hikmah nu dilengkepan ku perpustakaan jeung observatorium
- Penerjemah Nasrani pangsohorna: Qusta bin Luqa, Hunain bin Ishaq, Hubaisyi
- Kakawasaan dinasiti Umayyah ngalegaan ka Spanyol jeung Andalusia dina abad ka-8-15 M. Karya tulis ti Timur Tengah asup ka Eropa
- Naskah-naskah Arab & Persi diulik di pusat studi di nagara Eropa, di antarana tulisan Al-Ghazali, Ibn al-Arabi, Ibnu Sina, jst
- Abad ka-12 Albertus Magnus (orientalis) ngajar di Paris, materina tina tulisan Ibnu sina spk.

- Paus Clement marentahkeun sangkan basa Arab, Ibrani, jeung Kaldea diajarkeun di univ. di Rome, Bologne, Paris, jeung Oxford
- Abad ka-17: telaah teks klasik Arab & Persi di Eropa dianggap unggul, utamana di Cambridge jeung Oxford
- Mimbar kuliah basa Arab diajarkeun ku Thomas Adams, Archbishop Laud, Edward Pococke, Abraham Wheelock.
- Naskah nu ditelaah basa Arab, Persi, Turki, Ibrani, Siria.
- Ngulik & narjamahkeun: *Seribu Satu Malam*, sa'ir sufi, dongeng ti Persi jeung Turki, sa'ir karangan Umar Khayyam, jsb.
- Ahir abad ka-18 di Paris diadegkeun pusat studi budaya ketimuran ku Silvester de Sacy: Ecole des Langues Orientales Vivantes. Nu diulikna naskah-naskah ti Timur Tengah ku ahli-ahli di kawasan Eropa.
- Di antarana (1) Etienne Quatremere (1782-1857), penanggungjawab Manuscripts Orientaux di Paris, nerjemahkeun *Tarikh al-Mamalik* karya Al-Maqrizi jeung *Muqaddimah* Ibnu Khaldun dina basa Perancis jeung nerbitkeun naskahna dina basa Arab.
(2) De Slane nyusun katalogus naskah Arab di Bibliotheque Nationale de Paris jeung nerjemahkeun *Diwan Imru'u l-Qais* kana basa Perancis.
(3) De Sacy: bapa para Orientalis

3. Filologi di Asia: India

- Kontak langsung bangsa India jeung Yunani dina abad ka-3 SM, jaman Raja Iskandar Zulkarnain;
- Ayana pangaruh Yunani di India dina seni patung di daerah Gadhara: patung Budha dipahat saperti Apollo, make jubah kandel
- Puncakna perpaduan budaya Yunani, Hindu, Budha, jeung Jaina disebut kabudayaan Gadhara, dina jaman Raja Kaniska Kusana taun 78-100;
- Filsafat Yunani mangaruhan sistem filsafat India Nyana jeung Waisesika, doktrin Aristoteles mangaruhan silogisme India, teori atom Empedocles mangaruhan hukum atom India;
- Dina abad ka-1: kontak langsung India jeung Cina. Pandeta Budha nyebarkeun agama ka Cina, jeung sabalikna. Ti Cina ka India, Fa-hian taun 399, Hiuen-tsing taun 630-644, I-tsing taun 671-695. Maranehna narjamahkeun naskah-naskah India kana basa Cina.
- Sastra India diterjemahkeun kana basa Persi:
 - 1) *Pancatantra*, ditulis dina abad ka-3 ku Waisynawa, diparentahkeun ku Kaisar Anusyrwan ti dinasti Sasaniah (531-579). Ieu kitab teh satuluyna disalin kana

basa Persi Tengahan jeung Persi Anyar. Tuluy diterjemahkeun kana basa Arab, judulna *Kalila wa Dimna*.

2) *Sukasaptati* diterjemahkeun jadi *Tutinameh*.

- Alberuni, musafir Arab-Persi, ka India taun 1030, nuliskeun aspek budaya India: filsafat, sastra, tata basa, kedokteran.

Naskah-naskah India:

- *Weda* (kitab suci agama Hindu): *Regweda, Samaweda, Yajurweda, Atarwaweda*. Eusina ngeunaan kapercayaan ka dewa, nyembah, mantra, sihir
- Kitab suci Brahmana, eusina ngeunaan diciptakeunana alam dunya jeung eusina, carita para dewa, persajian.
- Aranyaka, eusina pituduh pikeun nu tapa di leuweung
- Upanisad eusina filsafat ngeunaan rusiah dunya.
- Mahabarata, Ramayana, Budhacarita, Hitopadesa
- Ilmu kedokteran, politik, hukum, tata basa

* Naskah-naskah India diulik sabada kapanggih aya jalan laut ku Vasco da Gama dina taun 1498

- basa Gujarati, Bengali diulik samemeh abad ka-19
- Sansekerta abad ka-19
- Kitab Weda ahir abad ka-19
- Hasil kajian naskah India mimiti dipublikasikeun ku Abraham Roger (Bld.) dina *Open Door to Hidden Heatthendom* taun 1651; tuluy ku Bernier (Pr. 1971) jeung Tavernier Pr. 1677) ngeunaan geografi, politik, adat-sitiadat, jeung kapercayaan bangsa India
- Tata basa Sansekerta ditulis ku Hanxleden, pendeta bangsa Jerman, diterbitkeun di Roma ku penginjil bangsa Austrina, nya eta Fra Paolo Bartolomeo dina taun 1790.
- Abad ka-18 bangsa Inggris ngulik naskah India

5. Filologi di Kawasan Nusantara